

**PENERAPAN MODÉL *TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION* (TAI)
DIBANTU MÉDIA CANVA DINA NULIS SURAT LAMARAN KERJA
KELAS XI SMK PASUNDAN 2 BANDUNG.**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan didasaran ku handapna kamampuh siswa dina nulis surat lamaran kerja. Anu jadi cukang lantaran kurangna pamahaman jeung nataharkeun kosa kata nepi ka hésé ngébréhkeun gagasan kana tulisan anu lengkep sarta ngagunakeun modél pangajaran anu digunakeun ku pendidik masih kurang éféktif. Salasahiji modél pangajaran anu bisa dijadikeun alternatif nyaéta modél *Team Assisted Individualization* (TAI). Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis surat lamaran pagawéan saméméh jeung sabada ngalaksanakeun modél *Team Assisted Individualization* (TAI). Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta méthode ékspérimén kalawan Quasi-Experimental Nonequivalent Control Group Design. Panulis nyusun hasil panalungtikan sanggeus dilaksanakeun ka siswa kelas XI TKJ A salaku kelas ékspérimén jeung XI TKJ E salaku kelas kontrol. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén pangarang mampuh ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél *Team Assisted Individualization* (TAI) kalawan skor 3,8. Hasil tina peunteun pretés ékspérimén rata-rata 56 sarta aya paningkatan dina hasil postés sanggeus ngalarapkeun modél kalawan rata-rata 83. Samentara éta, rata-rata skor pretés kontrol nya éta 48,5 sarta ngaronjat kalawan skor 67. Ku kituna aya hasil tina bédana antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Dirojong ku hasil kaluaran dina uji *Mann Whitney* $0,000 < 0,05$, hipotésis bisa ditarima. Dumasar kana hasil panalungtikan, nu nulis bisa dicindekkeun yén larapna modél *Team Assisted Individualization* (TAI) dibantuan ku média Canva dina nulis surat lamaran pagawéan kelas XI di SMK Pasundan 2 Bandung téh suksés.

Kata Konci: Nulis, Surat Lamaran Kerja, *Team Assisted Individualization*